



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MITAN PANDEMI COVID-19 AKTYÈL LA, GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE
PLAN PA ETAP POU RE-OUVRI NEW YORK NAN KÒMANSE AVÈK
KONSTRIKSYON AK PWODIKSYON**

Plan an pral egzekite pa faz epi li baze sou analiz ak desizyon rejyonal yo

Eta a pral siveye de prè to ospitalizasyon ak enpak sante piblik pandan chak faz re-ouvèti a epi li pral ajiste plan an ak pran lòt desizyon ki baze sou endikatè yo

*Konfime 5,902 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout
Eta a rive 288,045; gen nouvo ka nan 48 Konte*

Nan mitan pandemi COVID-19 aktyèl la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante jodi a yon plan pa etap pou re-ouvri New York ak reyimajine yon nouvo nòmal pou Eta a nan kòmanse avèk konstrikasyon ak pwodiksyon. Plan an pral egzekite pa faz epi li baze sou analiz rejyonal ak detèminasyon. Baze sou rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control, CDC) yo, yon fwa ke rejyon an eksperimente yon diminyasyon pandan 14 jou nan to ospitalizasyon an, yo gendwa kòmanse yon re-ouvèti pa faz. Eta a ap siveye de prè to ospitalizasyon an, to enfeksyon an ak kantite tès antikò pozitif yo, ansanm ak enpak sante piblik global la, epi li pral fè ajisteman nan plan an ak lòt desizyon baze sou endikatè sa yo.

- Premye faz la pral gen ladan ouvèti fonksyon konstrikasyon ak pwodiksyon ki pa gen gwo risk yo.
- Faz de a pral ouvri kèk endistri baze sou nivo priyorite ak risk yo. Biznis ki konsidere "pi esansyèl" yo avèk risk ki ba ladan yo pou gen enfeksyon nan espas travay la ak pou kliyan yo pral gen priyorite, answit ap gen lòt biznis ki konsidere "mwens esansyèl" yo oswa sila yo ki prezante plis risk pou pwopagasyon enfeksyon. Pandan pousantaj enfeksyon an ap bese, rit pou relouvri biznis yo pral ogmante.
- Rejyon an pa dwe ouvri atraksyon oswa biznis ki pral atire yon gwo kantite vizitè ki soti andeyò zòn lokal la.
- Pral genyen de semèm ant chak faz yo pou siveye efè re-ouvèti a ak asire ke to ospitalizasyon ak enfeksyon yo pap ogmante.
- Plan sa a pral egzekite avèk kowòdinasyon ant plizyè Eta, espesyalman nan rejyon sid New York. Plan an pral kowòdone ouvèti sistèm transpò yo, pak yo, lekòl yo, plaj yo ak biznis yo avèk atansyon espesyal sou aktivite lete yo pou rejyon sid la, lojman piblik ak kominote ak revni fèb yo, bank alimantè ak gadri yo.

- Re-ouvèti a pral baze tou sou biznis endividyèl ak plan endistri yo ki gen ladan nouvo mezi yo pou pwoteje anplwaye ak konsomatè yo, fè espas fizik travay yo pi an sekirite ak egzekite pwosesis ki redwi ris enfeksyon nan biznis lan. Eta a ap konsilte avèk lidè lokal yo nan chak rejyon ak endistri pou fòmile plan sa yo.

"Nou ap pale sou re-ouvèti Eta a ak reyimajine yon nouvo New York, epi pou nou fè sa nou pral oblije pran desizyon gouvènmantral an patenarya avèk desizyon biznis yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Chak lidè biznis konprann ke nou pa kapab jis re-ouvri epi retounen kote nou te ye ak sa nou te ap fè avan - nou dwe avanse pa rapò ak sikonstans ki te devlope yo. Kidonk nou pral re-ouvri ekonomi an pa faz, baze sou desizyon endistri espesifik ak rejyonal yo ak direktiv CDC yo, epi nan mitan tout sa nou ap kontinye siveye enpak sante piblik la paske tout pwogrè nou te fè yo nan aplati koub sa a nou tap pèdi yo jis nan kèk jou si nou pat fè atansyon."

Finalman, Gouvènè a te konfime 5,902 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 288,045 ka konfime nan Eta New York. Nan total 288,045 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|-------------|---------------|---------------|
| Albany | 948 | 49 |
| Allegany | 35 | 0 |
| Broome | 257 | 6 |
| Cattaraugus | 45 | 0 |
| Cayuga | 47 | 0 |
| Chautauqua | 29 | 2 |
| Chemung | 106 | 3 |
| Chenango | 93 | 2 |
| Clinton | 57 | 3 |
| Columbia | 143 | 3 |
| Cortland | 28 | 0 |
| Delaware | 58 | 0 |
| Dutchess | 2,729 | 69 |
| Erie | 2,954 | 181 |
| Essex | 24 | 0 |
| Franklin | 14 | 0 |
| Fulton | 62 | 1 |
| Genesee | 144 | 3 |
| Greene | 110 | 3 |
| Hamilton | 3 | 0 |
| Herkimer | 57 | 1 |
| Jefferson | 60 | 1 |

| | | |
|--------------|---------|-------|
| Lewis | 9 | 0 |
| Livingston | 60 | 2 |
| Madison | 123 | 2 |
| Monroe | 1,316 | 31 |
| Montgomery | 47 | 1 |
| Nassau | 34,522 | 724 |
| Niagara | 368 | 24 |
| NYC | 158,258 | 3,145 |
| Oneida | 384 | 20 |
| Onondaga | 692 | 28 |
| Ontario | 84 | 2 |
| Orange | 8,106 | 133 |
| Orleans | 80 | 5 |
| Oswego | 61 | 4 |
| Otsego | 60 | 0 |
| Putnam | 904 | 19 |
| Rensselaer | 242 | 21 |
| Rockland | 11,256 | 165 |
| Saratoga | 330 | 10 |
| Schenectady | 449 | 18 |
| Schoharie | 35 | 2 |
| Schuyler | 7 | 0 |
| Seneca | 38 | 2 |
| St. Lawrence | 167 | 11 |
| Steuben | 207 | 3 |
| Suffolk | 32,059 | 691 |
| Sullivan | 724 | 35 |
| Tioga | 71 | 0 |
| Tompkins | 126 | 0 |
| Ulster | 1,190 | 24 |
| Warren | 135 | 3 |
| Washington | 127 | 14 |
| Wayne | 65 | 0 |
| Westchester | 27,664 | 433 |
| Wyoming | 59 | 2 |
| Yates | 17 | 1 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)